

# Travayè nan Boston, Konnen Dwa Ou Genyen Yo!

## Ou genyen dwa pou genyen yon bon salè.

Salè Minimòm: Nan Massachusetts, yo sipoze tout travayè yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo genyen, se anplwaye epi kèk eksepsyon, yo dwe peye anplwaye yo salè minimòm Eta a ki se \$15.00 chak èdtan ak yon salè (aplike pou travayè ki bay kliyan sèvis yo epi ki fè plis lajan pase \$20 pa mwa nan poubwa) \$6.75 chak èdtan. Travayè ki nan sektè k ap bay sèvis yo dwe resevwa omwen salè minimòm lè yo konbine poubwa ak salè yo ansanm. Aprè 6 èdtan travay, yo dwe ba ou yon poz pou manje pandan 30 minit (menmsi li pa obligatwa pou yo peye ou). Yo ta dwe peye ou 1 ½ fwa èdtan ou yo pou tout èdtan travay ki plis pase 40 èdtan nan yon semèn; gen kèk pwofesyon kote li pa obligatwa pou peye lajan pou èdtan siplemantè yo.

Salè pou Viv: Òdonans pou travay, Salè pou Moun Siviv, ak Salè Dominan nan Boston (Òdonans Boston Jobs, Living Wage and Prevailing Wage) egziye pou tout travayè k ap bay travay selon yon kontra sèvis oswa yon sou kontra avèk meri Boston pou \$25,000 oswa plis, oswa pou yon benefisyè asistans dirèk nan men Meri a ki se \$100,000 oswa plis, dwe resevwa yon salè pou viv ki se omwen \$16.38 chak èdtan (mizajou nan mwa jiyè chak ane). Si konpayi ou an pa te peye ou to minimòm sa a, ou gen dwa depoze yon plent sou salè pou viv pandan w ap rele nan 617-918-5499 oswa atravè [fòm anliy lan](#) nan [boston.gov/wage-theft](https://boston.gov/wage-theft). Ou dwe fè remak lan se sèlman konpayi ki fè pwofi, epi ki anplwaye omwen 25 Anplwaye Ekivalan Aplantan (Full-Time Equivalent Employees, FTE) epi konpayi ki pa fè pwofi ki anplwaye omwen 100 FTE ki te genyen yon kontra sèvis, oswa yon sou kontra sèvis oswa asistans (pa egzanp sibvansyon, prè, mezi taks ki bay ankourajman, sibvansyon, ak anilasyon prè) sòti nan vil Boston kote Òdonans sa a kouvri.

Salè Dominan: Si yo ba ou travay nan yon pwojè travay piblik, yo dwe peye w salè dominan an ki pi wo pase salè minimòm lan. Nan Boston, si w ap bay travay selon yon kontra meri a pou sèvis netwayaj ak sekirite yo soumèt pou òf aprè 1ye jiyè 2021, yo dwe peye ou salè dominan Depatman Estanda Travay Massachusetts lan genyen. Si w ap travay sou yon kontra vil la pou sèvis netwayaj oswa sekirite epi w kwè yo pa t peye w salè ki genyen an, voye yon plent lè w rele 617-918-5499 oswa atravè [fòm anliy lan](#) nan [boston.gov/wage-theft](https://boston.gov/wage-theft).

Si konpayi ou an pa peye w pou tout èdtan ou travay yo, peye w pi ba pase salè minimòm oswa ba ou yon move to salè, **yo rele sa vòl salè**. Si w kwè konpayi ou an te vyole lwa sou salè ak èdtan nan Massachusetts epi/oswa ou se yon viktim konsènan vòl salè, ou ka pote yon plent nan Depatman Travay Ekitab (Fair Labor Division) lè w ale sou [mass.gov/ago/flid](https://mass.gov/ago/flid) oswa rele nan 617-727-3465.

Yo transmèt Plent Vòl Salè yo bay Komisyon Konsèy Lisans Boston (Boston Licensing Board) an ki kapab òganize yon odyans oswa mezi disiplinè kont anplwaye k ap chèche anrejistre yon lisans oswa renouvle lisans (restorasyon, sèvis alkòl, lojman, sal biya, bowling, ak divinò).

## Ou genyen dwa pou travay yon kote ki gen sekirite ak pwòp.

Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Act, OSHA) ba w dwa pou ou genyen yon espas travay ki gen sekirite, kèlkeswa estati papye ou genyen. Patwon ou an dwe kenbe espas travay ou an san risk yo konnen pou sante ak sekirite. Ou gen dwa pou denonse danje san ou pa **pè pou yo pa vin vanje annapre**. Epitou ou gen dwa tou pou:

- Benefisye yon fòmasyon sou sekirite ak sante nan espas travay lan nan yon lang ou konprann.
- Travay sou machin ki gen sekirite.
- Benefisye ekipman sekirite ki obligatwa, tankou gan oswa yon kas ak yon senti nan ka w ap tonbe.
- Pwoteksyon ak pwodui chimik.

- Mande yon enpeksyon OSHA, epi pale ansanm ak enspektè a.
- Deklare yon blezi oswa maladi, epi resevwa kopi dosye medikal ou yo.
- Analize dosye ki genyen rapò ak blezi epi maladi.
- Konsilte rezilta tè s yo te fè pou jwenn danje nan espas travay lan.

Si ou se yon anplwaye sektè prive, jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa ou yo, epi kijan ak kilè pou depoze yon plent OSHA pandan w ap vizite [osha.gov/workers](https://www.osha.gov/workers) oswa rele nan 617-565-6924.

Si ou se yon anplwaye Eta, Minisipal, oswa Konte a vizite [mass.gov/workplace-safety-and-health-program-wshp](https://www.mass.gov/workplace-safety-and-health-program-wshp) oswa rele nan 508-616-0461.

## **Ou genyen dwa pou yo peye ou Konpansasyon Travayè si ou blese nan travay lan.**

Konpansasyon Travayè se yon kategori asirans konpayi ou an dwe peye pou ou. Si ou blese oswa tonbe malad nan travay lan, konpayi ou an oblije avèti asirans aksidan travay sou sa ki rive ou an. Yo dwe afiche non ak nimewo telefòn konpayi asirans aksidan travay lan nan travay lan. Lwa sa a kouvri ou kèlkeswa kantite èdtan ou travay lan oswa travay ou genyen an, menm si se lajan kach yo peye ou, epi kèlkeswa estati imigrasyon ou genyen.

Ou genyen dwa pou:

- Peye fakti medikal yo pou blezi oswa maladi menm si w kontinye ap travay.
- 60% nan sa yo konn peye ou chak semèn si ou gen yon andikap nan travay lan pandan 5 oswa plis jou,
- Depans rezonab pou transpò pou ale nan vizit medikal yo.
- Peye si ou pa kapab retounen nan travay paske ou blese.
- Peye paske ou pa ka tandè, gen sikatris, pèdi je oswa manm ou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa ou genyen yo sou konpansasyon travayè epi kijan pou depoze yon vizit reklamasyon ale sou [mass.gov/workers-compensation-for-injured-workers](https://www.mass.gov/workers-compensation-for-injured-workers) oswa rele nan 617-727-4900.

## **Ou genyen dwa pou genyen yon espas travay ki pa gen diskriminasyon, asèlman ak represay.**

Lwa Massachusetts lan entèdi pou yo trete moun nan yon fason ki pa jis selon afilyasyon nan yon "klas sosyal pwoteje." Lwa Massachusetts sou diskriminasyon nan kesyon travay aplike pou konpayi ki gen sis (6) anplwaye oswa plis, ak tout konpayi yon travayè domestik kèlkeswa gwosè konpayi a ye. Yo entèdi konpayi yo fè diskriminasyon kont anplwaye yo selon ras, koulè, kwayans relijye, orijin nasyonal, zansèt, sèks, idantite sèks, laj, dosye kriminel (rekèt sèlman), andikap, maladi mantal, reprezay, asèlman seksyèl, oryantasyon seksyèl, pèsònèl militè aktif, ak jenetik. Anplis, konpayi yo gen yon bonjan responsablite pou bay paran byolojik ak adoptif konje pou paran yo. Epitou konpayi ou dwe genyen yon politik alekri ki kont asèlman seksyèl.

Si w estime yo te trete w yon fason ki pa jis selon klas sosyal ki pwoteje, ou ka depoze yon Plent Diskriminasyon ak:

- Komisyon Massachusetts Kont Diskriminasyon nan [mass.gov/file-a-complaint-of-discrimination](https://www.mass.gov/file-a-complaint-of-discrimination) oswa rele nan 617-994-6000.
- Depatman Dwa Sivil Pwokirè Jeneral Massachusetts nan [mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint](https://www.mass.gov/how-to/file-a-civil-rights-complaint) oswa rele 617-963-2917.
- Kowalisyon pou Egalite Chans nan Travay [eeoc.gov/how-file-charge-employment-discrimination](https://www.eeoc.gov/how-file-charge-employment-discrimination) oswa rele nan 1-800-669-4000.

## **Ou genyen dwa pou benefisye yon Peryòd Konje Maladi.**

Lwa sou Peryòd Konje Maladi (Earned Sick Time) mande pou pifò travayè ki nan Massachusetts gen dwa pou yo touche ak itilize jiska 40 èdtan tan maladi travay ki pwoteje chak ane pou pran swen tèt yo ak kèk manm fanmi yo. Travayè yo dwe akimile omwen inèdtan konje maladi pou chak 30 èdtan ou travay. Konpayi ki genyen 11 oswa plis anplwaye dwe peye peryòd konje maladi yo. Konpayi ki genyen mwens pase 11 anplwaye dwe bay peryòd konje

maladi, men yo pa oblije peye li. Se Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts lan ki la pou yo fè respekte lwa sou peryòd konje maladi a. Vizite [mass.gov/ago/earnedsicktime](https://mass.gov/ago/earnedsicktime) pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou itilize peryòd konje maladi ou genyen yo. Si konpayi ou an refize peye w peryòd konje maladi a, oswa fè reprezay kont ou paske w te itilize èdtan maladi ou, ou ka pote yon plent nan Depatman Travay Ekitab (Fair Labor Division) nan [mass.gov/ago/fld](https://mass.gov/ago/fld) oswa rele nan 617-727-3465.

### Travay lè w gen mwens pase 18 lane

Lwa Federal ak Eta sou travay timoun (Federal and State child labor laws) yo limite èdtan jèn ki poko gen 18 lane ka travay ak kalite travay yo ka fè. Epitou lwa eta a egzije konpayi yo pou yo gen pèmi travay pou jèn (pèmi travay) nan dosye pou tout travayè ki gen mwens pase 18 lane. Nan Massachusetts, timoun ki genyen mwens pase 14 lane pa kapab travay, sof nan ka ki limite anpil. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou [mass.gov/working-under-18](https://mass.gov/working-under-18).

### Moun k ap travay nan kay yo genyen dwa tou.

Moun k ap travay nan kay yo genyen dwa pou genyen yon salè minimòm, èdtan siplemantè, konje, ak lòt pwoteksyon. Ou se yon moun k ap travay nan kay si ou fè sèvis domestik lakay yon lòt moun ki pa gen rapò ak ou. Travay nan kay yo genyen ladan yo, men se pa sa sèlman: antretyen kay, netwayaj, ak jesyon kay, gadri, prezans adomisil, ak lòt fòm swen. Lwa eta a prevwa gen règ ak pwoteksyon adisyonèl pou moun k ap travay nan kay ki gen rapò ak kondisyon travay ak lavi. Pou jwenn plis enfòmasyon nan [mass.gov/ago/dw](https://mass.gov/ago/dw). Si ou genyen kesyon sou dwa ou yo, rele sèvis asistans Depatman Travay Ekitab (Fair Labor Division hotline) Biwo Pwokirè Jeneral lan nan 617-727-3465.

### Politik Travay pou Rezidan Boston (Boston Residents Jobs Policy, BRJP) mande pou yo bay rezidan, moun Nwa ak fanm yo travay nan pwojè konstriksyon sa yo ki nan Vil Boston.

Politik Travay pou Rezidan Boston an mande pou pwojè devlopman prive plis pase 50,000 pye kare ak tout pwojè devlopman piblik dwe reponn ak estanda travay sa yo:

- Omwen 51% èdtan travay total moun vwayaj/travayè kalifye ak 51% èdtan travay total apranti yo nan chak metye dwe ale kote rezidan Boston yo.
- Omwen 40% èdtan travay total moun vwayaj/travayè kalifye ak 40% èdtan travay total apranti yo nan chak metye dwe ale kote Moun Nwa yo.
- Omwen 12% èdtan travay total moun vwayaj/travayè kalifye ak 12% èdtan travay total apranti yo nan chak metye dwe ale kote fanm yo.

Enskri nan Bank sou Politik Travay pou Rezidan Boston (Boston Residents Jobs Policy Jobs Bank) pou jwenn enfòmasyon sou bezwen rekritman sou pwojè sa yo nan [boston.gov/jobs-bank](https://boston.gov/jobs-bank) oswa voye imèl nan [jobsbank@boston.gov](mailto:jobsbank@boston.gov).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram aprantisaj sendika ale vizite [gbbtu.org/join-the-greater-boston-building-trades-unions/](https://gbbtu.org/join-the-greater-boston-building-trades-unions/).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram aprantidaj alavans pou sendika ale nan [buildingpathwaysma.org/pre-apprenticeship-program/](https://buildingpathwaysma.org/pre-apprenticeship-program/).

### **Èske yo mal klase ou?**

Nan Massachusetts, pifò mou ki travay oswa bay sèvis yo konsidere yo antanke anlwaye selon lalwa. Sa vle di yo genyen dwa pou benefisye salè minimòm, èdtan siplemantè, ak lòt pwoteksyon. Konpayi ki mal klase anlwaye yo antanke kontraktè endepandan riske pou tonbe anba sanksyon penal oswa sivil. Yon konpayi ki klase yon moun antanke yon kontraktè endepandan olye yon anlwaye dwe fèt nan kad travay la: (1) fèt san pèmasyon ak kontwòl

konpayi a; epi (2) fèt andeyò kad abityèl biznis patwon an; epi (3) se yon moun ki gen pwòp biznis oswa komès endepandan ki fè kalite travay sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou [mass.gov/service-details/independent-contractors](https://mass.gov/service-details/independent-contractors).

Si w kwè yo mal klase ou antanke yon kontraktè endepandan, ou ka depoze yon plent salè nan Biwo Pwokirè Jeneral la pandan w vizite [mass.gov/ago/fairlabor](https://mass.gov/ago/fairlabor).

## **Trafik moun pou travay ilegal!**

Trafik moun travay fèt lè moun itilize menas, agresyon (tankou agresyon finansye), pou fòse yon lòt moun pou fè travay lan. Epitou yo rele sa a sèvis fòse epi se yon krim nan Massachusetts. Tout moun ki fòse yon lòt moun travay nan fason sa a, oswa tire pwofi kapab pran prizon ak peye amann. Konpayi ki fè trafik moun pou travay kapab peye yon amann jiska yon milyon dola.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou travay moun pou travay vizite [mass.gov/info-details/labor-trafficking](https://mass.gov/info-details/labor-trafficking). Si w kwè w se yon viktim trafik oswa pou depoze yon rapò, rele Sant Nasyonal Resous Trafik Moun (National Human Trafficking Resource Center) nan 888-373-7888 oswa rele liy asistans Pwokirè Jeneral pou Travay Ekitab (Fair Labor hotline) nan 617-727-3465.

## **Ou genyen Dwa pou Òganize!**

Ou kapab patisipe ansanm ak kòlèg travay ou yo nan yon seri aktivite sou pwoblèm travay ki enpòtan pou ou, tankou si ou vle pou yon sendika reprezante ou. Konpayi yo pa kapab menase, fè diskriminasyon kont, oswa pran mezi kont ou pou òganize oswa pale ak kòlèg travay ou sou kondisyon travay yo.

Pou jwenn enfòmasyon oswa depoze yon plent, kontakte:

- Komite Nasyonal Relasyon Travay (National Labor Relations Board) nan 866-667-NLRB (866-667-6572) oswa rele nan [NLRB.gov](https://nlr.gov).
- Biwo Rejyon 1 nan Boston nan 617-565-6700.

Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou [boston.gov/workers-rights](https://boston.gov/workers-rights).